

**Parkway Elementary
St. Lucie Public Schools**



Application for 21st Century After-school Program

Y-ap ofri pwogram sa-a bay pitit ou-a pou amelyore konpetans li nan matematik, lekti, ekriti, ak syans. Pwogram nan aprè lekòl nan “Parkway Elementary” pral konpoze de pwojè ki baze sou aprantisaj k-ap enkòpore akademik avèk aktivite andeyò pwogram regilye-yo/anrichisman pèsonèl.

Yo pral anseye Lekt, Ekriti, ak “STEM” (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) atravè pwojè ki baze sou aprantisaj. Elèv-yo pral travay tèt ansanm nan mennen investigasyon, rechèch, ak anplwaye konpetans yo te aprann nan “21st Century” nan bi pou konplete yon varyete de pwojè pandan tout ane-a. Yo pral founi elèv tou tan pou travay sou devwa lakay ak patisipe nan aktivite andeyò pwogram regilye-yo tankou espò, atizay, leson patikilye, ak aktivite mentò.

Sesyon Aprè-Lekòl la se apati de 3:15 p.m. – 5:15 p.m.

Pwogram lan pral kòmanse nan Lendi, 19 **mwa Out 2019**, epi yo pral ofri Lendi jiska Vandredi. Yon ti goute pral sèvi pwogram chak jou san yo pa koute paran / elèv (yo). Pwogram lan limite ak aplikasyon yo aksepte sou premye sèvis la. Si nimewo nou yo pi plis pase akomodasyon, yo pral mete pitit ou sou yon lis datant.

Tanpri pote atansyon a règ-yo ki nan lis anba-a:

- **Yo pa-p founi transpòtasyon pou elèv-yo k-ap patisipe nan pwogram Aprè-Lekòl la.** Si pitit ou-a ap mache vin lekòl, tanpri voye yon nòt ki endike sa.
- Si pitit ou-a siyen pou pwogram nan, prezans-li obligatwa amwenske li absan lekòl jou sa-a. Elèv-yo dwe pote yon nòt ki sòti de paran-yo lè yo absan.
- Yo p-ap pèmèt okenn elèv pou kite lakou lekòl-la san yon notifikasyon alekri (de paran-l) pou koòdonatè-a. Paran-yo pral bezwen pou siyen nan ofis la pou sòti ak elèv-yo pi bonè.
- Elèv-yo mare avèk Kòd de Kondwit Elèv ki nan Lekòl Piblik-yo nan St Lucie pandan patisipasyon yo nan “21st CCLC”. <http://stlucie.k12.fl.us/pdf/codeofconduct.pdf>
- Konpòtman endisiplin pral lakòz tèminalasyon ou de pwogram nan -- **pa gen okenn eksepsyon.** Elèv-yo dwe respekte kamarad-yo, manm fakilte ak anplwaye.
- **Yo dwe vin chèche elèv yo vè 5:15 PM chak swa. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo pral tèmine-yo de pwogram nan.**
- **Paran patisipasyon se yon pati enpòtan nan pwogram “21st CCLC. Yo ekspekte pou ou asiste omwens de (2) nwit pou paran.**

Tanpri ranpli lòt bò fòm sa-a konplètman epi fè pitit ou-a retounen-l nan ofis lekòl la.

Parkway Elementary
St. Lucie Public Schools



Application for 21st Century After-school Program

Asire ke aplikasyon sa-a ranpli konplètman anvan ou retounen-l. Si se pa sa, yo pa pral pran swen de li.

Non Elèv-la: _____ Dat Nesans li: _____

Lekòl li Anrole: _____ Grad: _____ #ID Elèv-la _____

Frè ak Sè ki nan Lekòl-la: _____

Elèv-la abite avèk: Manman _____ Papa _____ Toulède _____ Lòt Moun _____

Elèv-la ap Resevwa: Manje Gratis _____ Manje Pri Redui _____ Peye pou Manje _____

Elèv-la ap Resevwa Sèvis nan : Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv (ESE) _____ Anglè Kòm Dezyèm Langaj (ESOL) _____

Paran Ap Vin Chèche Elèv-la _____ Elèv-la Ap Mache Pou Ale Lakay _____

Adrès Lakay: _____

Telefòn Paran Lakay: _____ Mobil: _____ Nan Travay: _____

Non Moun Pou Kontakte Nan Ka Emèjensi: _____ Telefòn: _____

Kòmantè Espesyal Konsènan Medikaman oswa Pwoblèn Lasante : _____

Moun ki Otorize pou Vin Chèche Elèv-la: _____

Mwen te li konplètman epitou diskite kondisyon ak regleman-yo ki sou devan ak nan do aplikasyon sa-a avèk pitit mwen-an epitou mwen pral sipòte sa pandan tout ane-a. Mwen konprann ke mwen dwe vin chèche pitit mwen-an alè (vè 6:35 p.m.) chak jou. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo andwa tèmine-l de pwogram nan.

Non Paran (Prente): _____

Siyati Paran: _____ Dat _____

**Lekòl Piblik-yo Nan St. Lucie
Sant Kominotè D'apantisaj "21st Century"
OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON**

Mwen dakò pou yo bay enfòmasyon sa-vo sou pitit mwen-an (Si mwen pa tcheke NON sa ka lakòz yo bay enfòmasyon sou pitit mwen-an):

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo bay la pwès pou rekonesans oswa rezon de nouèl.

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "websites" lekòl oswa distrik-la ki aksesib piblikman oswa pou difizyon.

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "Websites" Depatman Edikasyon Eta Florida oswa 21st CCLC ki aksesib piblikman oswa pou difizyon .

Wi **Non** - Non, foto , ak kontak enfòmasyon pitit mwen-an pou fotogwaf nan liv souvni lekòl.

Wi **Non** - Enfòmasyon anyè pitit mwen-an (non ak grad elèv)

Non (Tanpri Prente) _____ Siyati _____ Dat ____/____/____

Si ou ta vle resevwa kominikasyon pa imèl, tanpri founi adrès imèl-ou: